

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sanggeus dilakukeun analisis data, luyu jeung tujuan panalungtikan aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun tina ieu hasil panalungtikan. Kacindekan tina panalungtikan nu judulna “Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun UUBS Siswa SMPN 1 Katapang”, di antarana saperti ieu di handap.

Dumasar kana hasil angkét anu dibagikeun ka siswa jeung ka kolot siswa, basa nu digunakeun di kulawarga siswa SMP Negeri 1 Katapang lolobana nya éta basa Sunda (68,22%). Salian ti basa Sunda, basa nu digunakeun di kulawarga siswa SMPN 1 Katapang nya éta basa Jawa (1,32%), basa Indonesia (27,15%), jeung basa campuran antara basa Sunda jeung basa Indonesia (3,31%).

Dumasar kana soal téss anu dieusian ku siswa, kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMPN 1 Katapang lolobana kaasup kana katégori cukup, nya éta 46 urang (30,46%) tina jumlah sampel. Kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMPN 1 Katapang tina peunteun 10 (sampurna) nepi ka peunteun 4 (kurang) téh wincikanana nya éta; anu meunang peunteun 10 (sampurna) aya 2 urang (1,32%), anu meunang peunteun 9 (alus pisan) aya 8 urang (5,30%), anu meunang peunteun 8 (alus) aya 18 urang (11,92%), anu meunang peunteun 7 (cukup) aya 46 urang (30,46%), anu meunang peunteun 6 (sedeng) aya 37 urang (24,51%), anu meunang peunteun 5 (hampir sedeng) aya 30 urang (19,87%), jeung anu meunang peunteun 4 (kurang) aya 10 urang (6,62%).

Jumlah larapna UUBS nu merenah nu dilarapkeun ku siswa sakabéhna aya 2.778 jeung jumlah larapna UUBS nu teu merenah nu dilarapkeun ku siswa sakabéhna aya 1.752. UUBS nu dilarapkeun dibagi kana tilu katégori nya éta basa loma, basa lemes keur sorangan jeung basa lemes keur batur. Wincikanana nya éta

Mia Tresnawati, 2013

*Pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa
Smp Negeri 1 Katapang*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.515 kecap kaasup katégori loma (1.027 kecap nu merenah larapna, jeung 488 kecap nu teu merenah larapna), 1.508 kecap kaasup katégori lemes keur sorangan (789 kecap nu merenah larapna, jeung 719 kecap nu teu merenah larapna), jeung 1.507 kecap kaasup katégori lemes keur batur (962 kecap nu merenah larapna, jeung 545 kecap nu teu merenah larapna).

Kacindekan nu pamungkas tina ieu panalungtikan nya éta aya hubungan anu signifikan antara basa nu digunakeun di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMPN 1 Katapang. Lantaran hipotésisna bisa dibuktikeun. Hartina aya pangaruh anu signifikan antara basa nu digunakeun di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMPN 1 Katapang.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan, aya sawatara saran anu hayang ditepikeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa. Kulawarga minangka lingkungan nu munggaran mangaruhan kana makéna basa, dipiharep bisa ngajadikeun basa Sunda minangka basa di kulawargana. Basa Sunda anu dipaké tangtu kudu basa Sunda anu merenah UUBS-na. Ku dipakéna basa Sunda nu merenah UUBS-na ti lingkungan kulawarga kénéh mangka siswa nalika nincak kana lingkungan nu leuwih lega saperti lingkungan sakola minangka lembaga formal, tangtu siswa moal bireuk deui jeung nganggap hésé kana pangajaran basa Sunda.

Hal nu utama, panalungtik miharep tong ngarasa géngsi atawa éra ngajadikeun basa Sunda minangka basa di kulawargana. Ngarasa géngsi mah saupama jadi urang Sunda nu gumelar di Sunda, nincak taneuh Sunda, ngarénghap ku oksigén nu aya di taneuh Sunda, tapi teu bisa basa Sunda.

Pikeun praktisi pendidikan, hususna guru basa Sunda, panalungtik miharep sangkan tuluy sumanget dina ngamotivasi jeung ngajarkeun basa Sunda ka siswa. Guru basa Sunda kudu bisa nyiptakeun suasana diajar basa Sunda anu matak

ngirut siswa sangkan pangajaran basa Sunda bisa jadi pangajaran anu dipikaresep ku siswa jeung teu dianggap pangajaran anu saukur nyumponan jam pelajaran.

Pikeun panalungtik séjén, leuwih hadé saupama ngayakeun panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan UUBS, hususna ngeunaan pamakéan UUBS nu loba jadi catur di masarakat Sundana sorangan, sangkan pangaweruh ngeunaan UUBS bisa leuwih euyeub.



Mia Tresnawati, 2013

*Pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa
Smp Negeri 1 Katapang*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpuskaan.upi.edu